

Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU FÈMEN BRÈ KI PÈMÈT  
KREYANSYE YO ITILIZE TRIBINAL YO POU PENALIZE MOUN KI  
FÈ PRÈ YO KI PA GEN OKENN KONEKSYON AK NEW YORK**

*Lejislasyon yo te Kreye an Repons ak Kreyansye yo ki Itilize Lwa New York yo pou Jele epi Sezi Byen Moun ki Fè Prè yo Pandan yo Rann li Difisil pou Moun ki Fè Prè yo pou Konteste Konpòtman Abizif Kreyansye yo*

*Cuomo: "Tribinal New York yo egziste pou mentni eta dedwa, pa pou bay kreyansye ki san eskripil yo yon mwayen pou eksplwate konsomatè yo. Lè nou fèmen brèch sa a, nou ap ranfòse sistèm legal Eta nou an epi ede asire ke moun ki fè prè ki rezide nan Eta a ak sila yo ki pa rezide nan Eta a pa pral tonbe viktim anba magouy opòtinis sa yo".*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.6395/A.7500A) ki fèmen brèch legal ki pèmèt kreyansye yo itilize tribinal New York yo pou sekirize ave jijman yo epi sezi byen moun ki fè prè yo pou ka yo kote moun ki fè prè yo pa gen okenn koneksyon ak New York. Avan nouvo lwa sa a, kreyansye yo te kapab eksplwate lwa New York yo pou jele epi sezi byen yon moun ki fè prè lè jwenn yon jijman ki anrejistre nan yon tribinal lwen kote jijman konteste a te egzekite, sa ki rann li difisil pou yon moun ki fè prè pou konteste legalman pèn ki enjis la.

"Tribinal New York yo egziste pou mentni eta dedwa, pa pou bay kreyansye ki san eskripil yo yon mwayen pou eksplwate konsomatè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou fèmen brèch sa a, nou ap ranfòse sistèm legal Eta nou an epi ede asire ke moun ki fè prè ki rezide nan Eta a ak sila yo ki pa rezide nan Eta a pa pral tonbe viktim anba magouy opòtinis sa yo."

**Senatè Brad Hoylman, Prezidan Komite Jistis Sena a (Senate Judiciary Committee), te deklare,** "Kote ki gen yon brèch, genyen yon move aktè ki vle eksplwate li pou fè lajan, kèlkeswa kou a pou Ameriken òdinè yo. Tout modèl biznis kreyansye yo ki te eksplwate sistèm tribinal New York la ak lwa yo pou eksplwate ti biznis ki pa nan Eta a yo atravè ave jijman yo te imoral. Jodi a, avèk siyati Gouvènè Cuomo sou lejislasyon mwen an, nou ap fèmen tribinal New York yo ak taktik predatè yo a. Mwen rekonesan ak Gouvènè Cuomo, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Menm Asanble Jeffrey Dinowitz, ak Biwo Administrasyon Tribinal (Office of Court Administration) yo pou patenarya yo a sou refòm esansyèl sa yo".

**Manm Asanble Jeffrey Dinowitz, Prezidan Komite Jistis Asanble a, te deklare,** "Pandan twò lontan, yo te itilize New York kòm yon machin pou sezi pwopriyete pou tout peyi a akòz brèch yo nan lwa ki reji ave jijman yo. Gras an grann pati ak yon jounalis dilijan nan Bloomberg News, nou te rive kapab idantifye epi korije pwoblèm sa

a dekwa pou tribinal sivil nou yo kapab konsantre yo sou pwoteje dwa Nouyòkè yo - pa pou satisfè avaris sosyete yo nan tout peyi a. Mèsi ak kòlèg Komite Jistis (Judiciary Committee) mwen yo, Senatè Eta a Brad Hoylman, ak Jij Administratif an Chèf nou an pou patenarya yo a nan deplwaman repons administratif sa ak Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa nou an pou vini lwa".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)